**दिन–रविवार** **दिनांक–07.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे इंडी– गठबंधन लग स्पष्ट दृष्टिकोण आओर भरोसाक कमि अछि आओर हुनका सभक बिच आपसी मनमुटाव सभ लोकक सोझां अछि। आइ नवादाक कुंति नगर मे एन.डी.ए प्रत्याशी विवेक ठाकुरक पक्ष मे जनसभा के संबोधित करैत प्रधानमंत्री जनौलनि जे विपक्षी गठबंधनक नेता सभ हुनक गारंटी सँ डेरायत छथि। ओ जनौलनि जे विपक्ष भ्रष्टाचार के बढ़ावा देब, आओर विकास के बाधित करय चाहैत अछि। श्री मोदी जनौलनि जे ओ जनता सँ अखन धरि कयल गेल सभ वादा पुरा कयलनि अछि। श्री मोदी आरोप लगौलनि जे कांग्रेस, राष्ट्रीय जनता दल आओर अनो–आन विपक्षी दल देश के तोड़य चाहैत अछि, किएककि ओ नहि चाहैत अछि जे संविधान पूरा देश मे एक जेहन लागू होय। ओ कांग्रेसक चुनावी घोषणा पत्र के तुष्टिकरणक दस्तावेज जनौलनि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे पछिला दस वर्षक बिच अनुच्छेद–तीन सय सत्तरि आओर तीन तलाक पर रोक जेहन काज हुनक गारंटिक प्रमाण अछि। ओ जनौलनि जे पांच सय वर्ष बाद राम मंदिरक सपना पूरा भेल अछि जेकर कांग्रेस सदिखन विरोध कयलक। जनसभा के संबोधित करैत जदयूक वरिष्ठ नेता आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि जे केन्द्र सरकार मददि सँ बिहार मे चहुँमूखी विकास भऽ रहल अछि। एहि मौका पर एन.डी.ए घटक दलक आनो–आन वरिष्ठ नेता सभ सेहो जनसभा के संबोधित कयलनि।

---

राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव प्रधानमंत्रीक नवादा मे भेल रैली पर जनौलनि जे एन.डी.एक लोकसभ मनोवैज्ञानिक रूप सँ डेरायल छथि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपसप मे श्री यादव जनौलनि जे प्रधानमंत्री रैली मे गरीबी आओर बेरोजगारी जेहन समाजिक मुद्दा पर कोनो गप नहि कयलनि।

---

दोसर चरण मे छब्बीस अप्रील कऽ होयबला लोकसभा चुनावक लेल प्रत्याशी सभ आठ अप्रील धरि अपन नाम वापिस लऽ सकैत छथि। इ चरणक पांच सीट– कटिहार, पूर्णिया, भागलपुर, बांका आओर किशनगंज लोकसभा क्षेत्र मे पचपन प्रत्याशी सभक पर्चा वैध पाओल गेल अछि। ओतहि, एकतीस नामांकन पत्र रद्द कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

निर्वाचन आयोग जनौलक अछि जे आम चुनावक घोषणाक बाद सँ सुविधा पोर्टल पर तिहत्तरि हजार सँ बेसी आवेदन भेटल अछि। सुविधा पोर्टलक माध्यम सँ चुनाव प्रचारक महत्व के देखैत रैली आयोजित करब, अस्थायी –पार्टी कार्यालय खोलब, घर–घर जाकऽ प्रचार, वीडियो–वैन, हेलीकोप्टर, वाहन परमिट लेब आओर प्रचार सामग्री बटबाक जनतब लेल जा सकैत अछि। निर्वाचन आयोग जनौलक अछि जे दल आओर उम्मीदवार सभक बिच एक जेहेन सुविधा देल जा रहल अछि। आयोग जनौलक अछि जे सुविधा पोर्टल चुनाव प्रबंधन मे पारदर्शिता के सेहो बढ़ावा दैत अछि। सुविधा पोर्टल निर्वाचन आयोगक दिस सँ नव प्रौद्योगिकी अछि जे स्वतंत्र, निष्पक्ष आओर पारदर्शी चुनावक लेल लोकतांत्रिक सिद्धांत जेहेन सुविधा दैत अछि।

———————————————————————————————

समस्तीपुर जिला मे प्रखंड विकास पदाधिकारी राहुल कुमारक देखरेख मे पुनास ग्राम–पंचायतक महादलित टोल सहित कतेको ठाम स्वीप दिस सँ मतदाता जागरूकता अभियान चलाओल गेल।

———————————————————————————————

आइ उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आई.आई.एम बोधगया मे भेल छठम दीक्षांत समारोह मे एम.बी.एक उत्कृष्ट छात्र सभ के डिग्री आओर मेडल दऽकऽ सम्मानित कयलनि। एहि मौका पर ओ छात्र सभ सँ राज्य आओर देशक विकास लेल काज करबाक आह्वान कयलनि। समारोह मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आओर संस्थानक अध्यक्ष उदय–कोटक सेहो छलाह।

———————————————————————————————

स्वास्थ लेल वैश्विक स्तर पर जागरूकता बढ़ेबाक लेल आइ विश्व स्वास्थ्य दिवस मनाओल गेल। विश्व स्वास्थ्य संगठन एहि वर्षक लेल थीम रखने अछि– **मेरा स्वास्थ्य मेरा अधिकार**। एहि सँ जरूरी स्वास्थ्य सुविधाक कमिक सोझां कऽ रहल विश्वक साढ़े चारि अरब

लोक सभ के बढ़िया स्वास्थ्य देखरेखक सुविधा देबय अछि। इ संख्या दुनियाक कुल आबादीक आधा सँ बेसी अछि। अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान नव दिल्लीक प्रोफेसर डॉक्टर रीमा दादा जनौलनि जे जीवन शैली मे बदलि आनि कऽ आओर योग जेहेन अभ्यास कऽ कऽ कतेको रोग के दूर कयल जा सकैत अछि। एहि मौका पर स्वास्थय विभाग दिस सँ प्रदेश मे कतेको जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कयल कयल गेल।

---

प्रदेश मे पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ अगिला अड़तालीस घंटाक बिच पटना सहित कतेको जिला मे हल्लुक बारिशक भऽ सकैत अछि। मौसम विभाग एहि बिच राज्यक दक्षिणी आओर दक्षिण–मध्य क्षेत्र मे अन्हर –विहारिक संग ठनका खसबाक चेतावनी सेहो जारि कयलक अछि। एम्हर, पटना सहित राज्य भरि मे उत्तरी पछिया हवा चलला सँ लोक सभ के गर्मी सँ थोड़ेक राहत भेटल अछि। विभाग पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला चारि दिनक बिच राज्यक अधिकतम तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस कम भऽ सकैत अछि।

---

बेगूसरायक तेघड़ा थानाक तेघड़ा चौर मे आगि लागि गेला सँ कतेको बिघा खेत मे लागल गहूमक फसिल जरि गेल। एहि सँ किसान सभक चिंता बढ़ि गेल छनि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।